दिन—गुरूवार दिनांक—24.09.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे मनुक्ख जीवनक मुख्य उद्देश्य स्वाभाविक रूप सँ सेवा हेबाक चाही। ओ कहलनि जे राजनीतिमे सेहो, सर्वोच्च पद पर पहुँचलाक बादो सेवे मार्गदर्शक सिद्धांत रहबाक चाही। प्रधानमंत्री श्री मोदी आइ वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ सेवा यात्री लोकनि सँ संवाद करैत ई संदेश देलनि। गुजरातक वडनगर सँ वाराणसी धरि सेवा यात्रा कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे 'सेवा परमो धर्मः', अर्थात सेवे सर्वोच्च कर्तव्य थीक आ ई भावना देशक प्रगतिक सभ सँ पैघ प्रेरक शक्ति बनि सकैत अछि। ओ विकसित भारतक निर्माणमे युवा लोकनिक महत्वपूर्ण भूमिकाकेँ बढ़ेबाक आह्वान कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे आजुक युवा पीढ़ी विकसित भारतक निर्माता आ ओकर प्रमुख लाभार्थी सेहो हेताह।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मे लोक सेवक आवासक संकल्प सभागारमे गंगा, गंडक आ कोसी नदी परियोजनाक प्रगतिक उच्चस्तरीय समीक्षा कयलनि। एहि क्रम मे बक्सर—भागलपुर सिक्स लेन ग्रीन फील्ड सड़क परियोजना आ पीरपैंती स्थित चौबीस सय मेगावाटक ताप विद्युत उत्पादन इकाई सँ संबंधित विभिन्न बिन्दुसभ पर सेहो विचार—विमर्श भेल।

---

समस्तीपुर जिलाक कर्पूरी ग्राम थाना क्षेत्रमे बूढ़ी गंडक नदीक बाइपास बान्ह लग एक नाबालिग छात्रासँ दुर्व्यवहारक मामिलामे पुलिस चारि अभियुक्तकेँ गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक अरविंद प्रताप कहलनि जे एहि मामिलामे पुलिसँ वायरल वीडियोक आधार पर स्वयं प्राथमिकी दर्ज कयलक अछि। ओ कहलनि जे एखन छात्राक पहचान नहि भऽ सकल अछि।

---

भारतीय जनता पार्टी राष्ट्रीय स्तर पर संगठनमे कतेको वरिष्ठ नेतालोकनिकेँ नव जिम्मेदारी देलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन नव नियुक्तिक घोषणा कयलनि। सौदान सिंहकेँ राष्ट्रीय सह–महामंत्री संगठनक जिम्मेदारी देल गेल अछि। हुनका बिहार, झारखंड, ओडिशा आ पश्चिम बंगालक प्रभार सेहो रहतनि। भिखुभाई दलसानियाकेँ बिहार भाजपाक प्रदेश महामंत्री संगठन बनाओल गेल अछि। अनंत नारायण मिश्रकेँ भागलपुर, पूर्णिया आ कोसी क्षेत्रक संगठनक जिम्मेदारी देल गेल अछि।

———————————————————

केन्द्रीय वित्त मंत्रालय कहलक अछि जे देशभरिमे सभ सार्वजनिक क्षेत्रक बैंक आ क्षेत्रीय ग्रामीण बैंक रवि दिन, सत्ताइस सितम्बरकेँ खूजल रहत। मंत्रालय जनौलक जे यूनाइटेड फोरम ऑफ बैंक यूनियंस दिस सँ अट्ठाइस सितम्बर सँ प्रस्तावित तीन दिवसीय देशव्यापी बैंक हड़तालकेँ देखैत ई निर्णय लेल गेल अछि। मंत्रालय बैंकसभकेँ पच्चीस सितम्बर धरि वेतन आ आनो देय भोगतान सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलक अछि, जाहि सँ कर्मचारी आ आन पात्र लाभार्थीकेँ समय पर भोगतान भऽ सकय।

———————————————————

मिथिला स्टुडेंट यूनियन आइ दरभंगा स्थित ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय मे अपन सत्रह सूत्री मांग के लऽकऽ प्रदर्शन कयलक। प्रदर्शनक नेतृत्व करैत यूनियनक विश्वविद्यालय अध्यक्ष गौतम झा कहलनि जे छात्र संघ चुनाव, इंटर्नशीप, शैक्षणिक व्यवस्था मे सुधार समेत सत्रह सूत्री मांग पत्र विश्वविद्यालय प्रशासन के सौंपल गेल। एहि मध्य पच्चीस सँ अठाईस नवंबरक मध्य छात्र संघ चुनाव करेबा पर सहमति बनल।

———————————————————

गयाजीमे काल्हि सँ विश्व प्रसिद्ध पितृपक्षक मेला शुरु भऽ रहल अछि। ई मेला दस अक्टूबर धरि चलत। एहि मेला मे देश–विदेश सँ आयल श्रद्धालु विष्णुपद, देवघाट सहित विभिन्न पिंड वेदी आ सरोवर पर तर्पण तथा पिंडदानक अनुष्ठान करताह।

———————————————————

मोकामामे नव रेल पुलकेँ रेल नेटवर्क सँ जोड़बाक काजक कारणे आइ तेइस टा ट्रेन रद्द रहत, जखनकि बाइस टा ट्रेनक परिचालन परिवर्तित मार्ग सँ कयल जा रहल अछि। रद्द ट्रेनमे मोकामा–हावड़ा, सहरसा–राजेंद्र नगर आ पटना–जयनगर एक्सप्रेस प्रमुख अछि। एकर अतिरिक्त मेमू, स्पेशल आ पैघ दूरीक कतेको ट्रेन सेहो प्रभावित रहत।

---

मानसूनी गतिविधि मे वृद्धि आ बंगालक खाड़ीमे बनल निम्न दबावक प्रभावक कारणे प्रदेशक अधिकांश भागमे मध्यम सँ भारी बरखा भऽ रहल अछि। पटना आ लऽगपासक क्षेत्रमे सेहो भोरे सँ लगातार बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ भोजपुर, पूर्वी चम्पारण, गया, रोहतास, सारण, पटना आ मुजफ्फरपुर जिलामे कतेको स्थान पर भारी बरखा हेबाक चेतावनी जारी कयनक अछि।

---

समाप्त